Kufunga Nezvemitemo

Shandisa pepa rino kuti unyatsofunga nezvemutemo waunoona wakakuomera kuteerera. Unogonawo kurishandisa kuti uwane pekutangira pakukurukura nevabereki vako nezvemutemo wacho.

- Nei usingafariri mutemo wacho?

- Pane chimwe chinhu *chaunogona* kubvumirana nacho here pamutemo wacho?

- Unofunga kuti nei vabereki vako vakaisa mutemo wacho?

- Unofunga kuti pane chimwe chinhu here chavasina kufunga nezvacho pavakaisa mutemo iwoyo? Kana chiripo, chii?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Ungada kuti mutemo wacho ugadziriswe sei?

Kudai waizokumbira vabereki vako kuti vagadzirise mutemo wacho, unofunga kuti vangati kudii?

Unofunga kuti nei vachizodaro?

Kunyange zvazvo zvingatora nguva, zvii zvaungaita kuti vasava nezvavanonyanya kukutyira? (Zvingangokubatsira: Zviito zvine simba kupfuura mashoko.)

Unofunga kuti chii chinenge chichinyanya kutyirwa nevabereki vako?

Chimbofungidzira uri iwe mubereki wemwana ari kuyaruka. Waizoisa mutemo wakaita saiwoyo here? Kana waizouisa, unenge uri mutemo wekutii, uye waizouisirei?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

VABEREKI VAKO VANOVIMBA NEWE ZVAKADINI?

Kuti munhu azovimbwa naye zvinoda kushanda nesimba. Nyora zvimwe zvinhu zvawakaita zvakazoita kuti vabereki vako *vasanyanya* kuvimba newe.

Nyora zvimwe zvinhu zvawakaita kuti vabereki vako *vawedzere* kuvimba newe.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Pese paunoteerera vabereki vako unoita seuri kuisa mari mubhengi. Iye zvino ‘mari’ yauinayo ‘muakaundi yekuvimbwa’ nevabereki vako yawanda here zvekuti ungakwanisa kutaura navo nezvenyaya iyi—kana kuti unofanira kumboti mirei?

Kana uchifunga kuti zvinganaka kuti umboti mirei, zvii zvaungaita kubvira iye zvino kuti vabereki vako vawedzere kuvimba newe?

ZVAUNGAITA: Ratidzawo vabereki vako zvawanyora papepa rezvawakaronga kuita, wobva warishandisa kuti mutange kukurukura nyaya yacho navo.

Paunotaura nevabereki vako, yeuka mashoko ari muBhaibheri ekuti: “Mhinduro, kana iri nyoro, inodzora kutsamwa, asi shoko rinorwadza rinomutsa hasha.”—Zvirevo 15:1.

WAIZVIZIVA HERE? Zviri kutaurwa mupepa rino zvinogonawo kukubatsira paunenge wava kuda kutaura nemunhu waunoshandira nezvemitemo yakadzikwa pabasa.

“Kuteerera mitemo yevabereki vako kwakaita sokubhadhara chikwereti kubhengi—kana wakatendeseka zvikuru, uchavimbwawo zvikuru (kana kuti uchapiwa chimwe chikwereti).”—Kubva Mubhuku Rinonzi *Mibvunzo Inobvunza Vechiduku—Mhinduro Dzinoshanda,* Bhuku 2.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania